

# 2 avril

**Li tonbe atè a, epi, li tande yon vwa ki di li : Sòl ! Sòl ! Poukisa w ap pèsekite m konsa ? Alò Sòl di :**

**– Kilès ou ye, Senyè ? Men Senyè a di :**

**– Mwen se Jezi, moun w ap pèsekite a.** Travay 9. 4, 5

**Mwen te fè peche nou yo disparèt devan je m tan-kou yon nyaj nan syèl la. Tounen vin jwenn mwen non, paske se mwen menm ki te delivre nou.**

Ezayi 44. 22

## **Konvèsyon, yon demitou**

Sòl de Tas se te yon nèg save nan premye syèk apre Jezi Kris. Men li pa t kontante l pou li te genyen yon pakèt kon-sans nan lekriti relijye yo. Se te yon nonm ki t ap aji, yon “militan”. Pou li te ka sèvi Bondye, li te vle kenbe relijyon jwif yo pwòp, konsa li te wè se te byen pou li te pèsekite kreyen yo.

Men yon jou, pandan li te sou wout pou l ale Damas, li te rankontre Jezi, epi lavi li vin chanje. Ak anpil kout fwèt, li te rann li kont ke li t ap kenbe tèt ak Bondye. Sitou, li te vin konprann Jezi sa a li te meprize e li t ap lite kont li an se li menm ki Mesi a, Pitit Bondye ki resisite a. Lè sa a li fè demitou. Li vin konvèti, li vin tounen apot Pòl. Sa li t ap chèche avan an vin pa gen okenn enpòtans pou li ankò. E konsa, li ekri : “Konnen Jezi Kris, Senyè mwen tèlman siperyè” (Fili-pyen 3. 8) – Sila li te meprize a.

Syèk apre syèk, plizyè milyon fanm ak gason tounen vin jwenn Jezi Kris pou yo ka resevwa padon ak yon nouvo lavi espiyityèl. Se pa tout fwa li yon gwo espetak tankou ka Pòl la, konvèsyon se yon evènman ki enpòtan anpil pou lèzòm. Se yon seri chanjman enterè ak konpòtman ki te karakterize l. Kreyen an pap chèche fè eskiz pou fot li yo, li rekonèt yo devan Bondye epi li resevwa padon li. Anmenmtan, l ap chèche repare tò li fè pwochen li yo. Yon vrè konvèsyon pa sèlman nan pawòl, se tout moun nan nèt ki vin tou nèf. Eske ou fè pa sa deja ?

## 2 avril

**Étant tombé par terre, il entendit une voix qui lui disait : Saul ! Saul ! Pourquoi me persécutes-tu ?**

**– Qui es-tu, Seigneur ? demanda-t-il.**

**– Je suis Jésus que tu persécutes.** Actes 9. 4, 5

**J'ai effacé comme un nuage épais tes transgressions, et comme une nuée tes péchés : reviens à moi, car je t'ai racheté.** Ésaïe 44. 22

### **La conversion, un demi-tour**

Saul de Tarse était un érudit du premier siècle après Jésus Christ. Mais il ne se contentait pas d'accumuler une vaste connaissance des écrits religieux. C'était un homme d'action, un "militant". Pour servir Dieu, il voulait garder pure la religion juive, et il estimait qu'il devait persécuter les chrétiens.

Mais un jour, en route vers Damas, il a rencontré Jésus, et sa vie a basculé. Touché de plein fouet, il s'est rendu compte qu'il résistait à Dieu. Surtout, il a compris que ce Jésus qu'il méprisait et combattait était bien le Messie, le Fils de Dieu ressuscité. Alors il a fait demi-tour. Il s'est converti, il est devenu l'apôtre Paul. Ce qu'il recherchait dans le passé n'a plus eu d'importance. Et cela, écrit-il, "à cause de l'excellence de la connaissance du Christ Jésus, mon Seigneur" (Philippiens 3. 8) – celui qu'il avait méprisé.

Tout au long des siècles, des millions d'hommes et de femmes se sont tournés vers Jésus Christ pour recevoir le pardon et une vie spirituelle nouvelle. Pas toujours aussi spectaculaire que celle de Paul, la conversion est un événement capital pour un être humain. Elle se caractérise par un changement complet de centres d'intérêt et de comportement. Le chrétien ne cherche pas à excuser ses fautes, il les reconnaît devant Dieu et reçoit son pardon. En même temps, il cherche à réparer les torts qu'il a commis envers ses semblables. Une vraie conversion ne se contente pas de mots, c'est un renouveau profond de l'être entier. Avez-vous fait un tel pas ?